


Èske W ap viv Nan Peyi Etazini Epi W Vle Mande Azil Nan Fwontyè Peyi Kanada?




Gouvènman Kanadyen an gen yon seri regleman, li mete yon moun dwe respekte pou ka fè demand refijye nan fwontyè peyi sa a.

EPeyi Kanada ak Etazini gen yon Akò ki rele "Pwoteksyon pou twazyèm Peyi ki gen sekirite" **Safe Third Country Agreement (STCA)**, Dapre akò sa a, moun kap chache pwoteksyon sou estati refijye dwe fè demand sa a nan peyi Etazini, sof si yo reponn ak kondisyon nan Akò a ki pèmèt sa.


Moun Akò STCA a pa konsènen, sa vle di ki ka fè demand refijye sou fwontyè peyi Kanada



Si w gen yon viza Kanadyen ki pa ko ekspire, yon pèmi pou w ka travay osnon yon pèmi pou w etidye



W pa ko gen 18 lane epi okenn nan paran w yo pa nan peyi Etazini



W gen moun nan fanmi pwòch w kap viv nan peyi Kanada



Yo kondane w pou mouri nan peyi w oswa nan peyi Etazini

Akò STCA a PA APLIKE POU W KIDONK W KA FÈ DEMAND SOU FWONTYÈ PEYI KANADA SI:

- W se yon sitwayen Ameriken
- W se yon moun ki san peyi epi w tap viv nan peyi Etazini pandan lontan.

Pou ka jwenn enfòmasyon sou jan pou w fè demand refijye nan peyi Etazini, kontakte tanpri:

Haut-Commissaire des Nations Unies pour les réfugiés

<http://www.unhcr.org/en-us/asylum-resources.html>

+1-202- 296-5191

usawainq@unhcr.org

W ka jwenn plis enfòmasyon sou koze Ako Twazyèm Peyi ki gen sekirite a "Safe Third Country Agreement (STCA)" lè w klike sou lyen sa a:

<http://www.cbsa-asfc.gc.ca/agency-agence/stca-etps-eng.html>

Pou Akò STCA a, **yon fanmi se:** mari oswa madanm, gadyen legal (moun w bay responsab yon lòt dapre lalwa), pitit w, papa oswa manman, sè oswa frè, granpè oswa granmè, pitit pitit, tonton oswa matant, neve oswa nyès, moun ki plase, fanm ki marye osnon kap viv ak fanm, gason ki marye osnon kap viv ak gason. Fòk moun nou sot nonmen yo gen yon estati legal nan peyi Kanada.

